

## Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

<b>Sijè:</b> NON-DISKRIMINASYON ASELMAN OSWA VANJANS	<b>Anplwaye ki Afekte yo:</b> TOUT	<b>Politik #</b> HREW	<b>Rev.</b> 5
--	---------------------------------------	--------------------------	------------------

### **OBJEKTIF**

Politik sa a afime angajman Cleveland Clinic pou li bay yon anviwònman travay ki pa gen diskriminasyon oswa asèlman, li defini kalite asèlman ki entèdi yo, epi li bay yon pwosesis pou rapòte epi ankete plent diskriminasyon, asèlman, ak/oswa vanjans yo.

### **POLITIK**

Cleveland Clinic angaje pou bay yon anviwònman travay kote yo trete tout endividi ak respè e diyite. Se politik Cleveland Clinic pou asire l anviwònman travay la pa gen diskriminasyon oswa asèlman sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, gwosès, eta sivil, laj, orijin nasyonal, andikap, estati militè, sitwayènte, enfòmasyon jenetik, oswa nenpòt diskriminasyon, asèlman ak/oswa vanjans. Tout anplwaye yo, kèlkeswa pozisyon oswa tit yo, pral sibi aksyon korektif grav, rive nan epi gen ladan l revokasyon pou angajman nan zak politik sa a entèdi.

### **SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE**


Resous Zimèn responsab pou devlopman epi revize politik sa a. Resous Zimèn ak Depatman Jiridik la, jan sa apwopriye, responsab pou travay nan kolaborasyon ak enstiti, lopital rejyonal ak administrasyon depatman an nan ankèt plent pou asèlman, diskriminasyon, oswa vanjans. Lidè Egzekitif nou yo, Administratè, Direktè, Jesyonè, ak Sipèvizè nou yo responsab pou kenbe yon anviwònman travay ki pa gen diskriminasyon, asèlman, ak vanjans epi pou aji oswa rapòte konduit ki vyole politik sa a. Anplwaye yo responsab pou rapòte yon ensidan diskriminasyon, asèlman, oswa vanjans yo apèsi, kèlkeswa idantite oswa pozisyon koupab la.

### **DEFINISYON**

**Asèlman seksyèl** reprezante yon diskriminasyon epi nan objektif politik sa a, li defini, menm jan ak Direktiv Komisyon sou Opòtinite Travay Egal, kòm avans seksyèl inakseptab, demann favè seksyèl ak lòt konduit seksyèl vèbal oswa fizik lè pa egzanp:

- soumisyon konduit sa yo vin swa eksplisitman oswa enplisitman yon tèm oswa kondisyon pou yon endividi travay; oswa
- lè yo itilize kòm baz desizyon pou bay travay ki ap afekte yon endividi soumisyon l ak oswa rejè l devan yon konduit konsa; oswa
- yon konduit konsa gen pou objektif oswa efè yon entèferans ki pa rezonab ak pèfòmans nan travay yon endividi oswa kreye yon anviwònman travay ki entimidant, ostil oswa ofansif.

Asèlman seksyèl gendwa gen ladann yon kantite konpòtman sibtil ak konpòtman ki pa sibtil pase sa ki enplike endividi menm oswa sèks diferan. Tou depann sikonstans yo, konpòtman sa yo gendwa genyen, men pa limite ak: avans seksyèl endezirab oswa demann favè seksyèl; blag seksyèl ak souzantandi; abi vèbal ki gen nati seksyèl; kòmantè sou kò yon endividi, talan oswa defisyans seksyèl; gade ak ensistans; soufle; touche; ensilte oswa kòmantè oswa jès obsèn; afiche nan travay bagay sigjestif oswa foto, imaj ofansif sou òdinatè oswa mesaj imèl; ak lòt konduit fizik, vèbal oswa vizyèl ki gen yon nati seksyèl.

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/04/1993	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	1 sou 4
---	---------------------------------------	--	--	---------

## Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
NON-DISKRIMINASYON ASELMAN OSWA VANJANS	TOUT	HREW	5

**Asèlman** sou baz nenpòt lòt karakteristik ki pwoteje fòmèlman entèdi. Sou baz règlemantasyon sa a, asèlman vèbal, grafik oswa konduit fizik ki denigre oswa montre ostilite oswa avèsyon anvè yon endividi akòz ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, nasyonalite, etnisite, zansèt, laj, andikap, eta sivil, gwosès, estati militè, aktivite k ap pwoteje sitwayènte, (sa vle di, opozison ak diskriminasyon entèdi nan plent oswa pwosesis envestigasyon) oswa nenpòt karakteristik lalwa pwoteje:

- Ki gen objektif oswa efè kreye yon anviwònman travay entimidant, ostil oswa ofansif; oswa
- gen objektif oswa efè pou li entèfere nan fason derezonba ak pèfòmans travay endividi a; oswa
- pou di sa yon lòt jan afekte opòtinite anplwa endividi a.

Konduit asèlman gen ladann men li pa limite ak: epitèt, jouman oswa estereyotip negatif; menas, entimidasyon oswa zak ostil; blag degradan; imaj ofansif sou òdinatè oswa mesaj imèl, ak materyè ekri oswa grafik k ap denigre oswa montre ostilite oswa rayisman kont yon endividi oswa gwoup epi ke yo mete sou yon mi oswa yon lòt kote sou yon mi oswa yon lòt kote nan espas anplwaye a oswa fè li sikile nan espas travay la.

### **PWOSEDI**

#### **Aplikasyon**

Politik sa a aplikab pou tout kandida ak anplwaye, kit li gen rapò ak konduit yon anplwaye sipèvizyon, administrasyon, kòlèg travay, oswa yon moun ki pa dirèkteman konekte ak Cleveland Clinic (egzanp founisè ekstèn, konsiltan, oswa konsomatè). Konduit politik sa yo entèdi yo inakseptab nan espas travay oswa nan nenpòt kad ki gen rapò ak travay andeyò espas travay la, tankou pandan vwayaj travay oswa reyinyon travay.


#### **Rapòte yon Ensidan Asèlman, Diskriminasyon, oswa Vanjans**

Cleveland Clinic ankouraje rapòte tout ensidan diskriminasyon, asèlman oswa vanjans ki ou apèsi, kèlkeswa idantite oswa pozisyon koupab la. Endividi ki kwè yo te sibi diskriminasyon, asèlman, oswa vanjans ankouraje pou yo rapòte enkyetid yo bay administratè yo, Resous Zimèn oswa bay Cleveland Clinic konfidansyèl lan tousuit.

Liy pou Rapòte Konfòmite nan 1-800-826-9294.

Anplis sa, Cleveland Clinic ankouraje endividi yo ki kwè yo ap sibi konduit sa yo pou yo rapidman konseye koupab la konpòtman li inakseptab epi mande pou li sispann. Souvan aksyon sa a sèlman ka rezoud pwoblèm nan. Cleveland Clinic rekonèt sepandan, gen endividi ki gendwa prefere kontinye zafè an ak pwosedi plent fòmèl yo.

Pandan n ap detèmine si konduit yo site a se asèlman oswa vanjans, n ap konsidere tout sikonstans yo, sa ki gen ladann kalite konduit ak kontèks li te pase a. Alòske yo pa etabli peryòd li te rapòte, rapòte epi fè entèvansyon bonè sanble se metòd ki pi efikas pou rezoud ensidan

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/04/1993	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	2 sou 4
---	---------------------------------------	--	--	---------

## Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
NON-DISKRIMINASYON ASELMAN OSWA VANJANS	TOUT	HREW	5

asèlman reyèl oswa sipoze a. Pou ede nan ankèt rapid ak presi plent lan, yo ankouraje anplwaye yo pou bay yon rezime ekri zak la pandan y ap bay plis detay otan sa posib tankou non, tit ak depatman swadizan koupab la, yon deskripsyon swadizan ensidan an ak dat, kote ak temwen ki te prezan; epitou idantite lòt anplwaye ki gendwa te sible nan tretman inapwopriye a.

### **Responsablite Adminstratè/Devwa pou Aji**

Endividi ki resevwa rapò diskriminasyon, asèlman, oswa reprezay oswa ki obsève konduit nan vyolasyon ak politik sa a ta dwe pran plent yo oserye, kèlkeswa nivo yo ye, epi dwe kontakte Resous Zimèn tousuit pou asistans nan ankèt lan ak repons pou enkyetid sa yo. Sipèvizè yo ta dwe pran tou tout aksyon apwopriye pou anpeche vanjans oswa entèdi konduit yo repete ni pandan ak apre ankèt plent yo. Sipèvizè ki tolere ak tout konsyans yo asèlman, diskriminasyon oswa vanjans nan vyolasyon politik sa a aop sibi aksyon korektif.

### **Ankèt ak Plent**

Y ap mennen ankèt rapid sou nenpòt alegasyon asèlman, diskriminasyon, oswa vanjans. Diskriminasyon sa a gendwa genyen ladann entèvyou endividyèl ak pati ki enplike yo ak, kote sa nesèsè, ak endividi ki gendwa te obsève swadizan konduit oswa ki gendwa gen lòt konesans enpòtan.

### **Korektif**

Move konduit ki reprezante asèlman, diskriminasyon, oswa vanjans nan konfli dirèk ak misyon epi valè òganizasyon an epi yo p ap tolere li. Aksyon rapid gendwa genyen ladann, fòmasyon, konsèy referans, reafektason, ak/oswa aksyon korektif ki ka debouche sou revokasyon selon sa ki apwopriye nan sikonstans sa yo.

### **Kominikasyon Politik lan**


Yo ap kominike politik sa a bay anplwaye yo nan moman anboch la ak peryodikman pandan anplwa yo nan Cleveland Clinic. Anplis sa, tout anplwaye Cleveland Clinic yo gen obligasyon pou yo suiv yon fòmasyon sou entènèt sou Prevansyon Asèlman Seksyèl nan premye katrevendis (90) jou travay yo kòm yon kondisyon anplwa. Pwogram fòmasyon an fokalize sou idantifikasyon zak inapwopriye ansanm egzijans pou tout anplwaye yo rapòte. Anplwaye ki enkapab suiv egzijans fòmasyon an nan tan ki etabli a gendwa tonbe anba aksyon korektif, jiska ak tankou revokasyon nan travay la.

### **Konfidansyalite**

Y ap kenbe konfidansyalite pandan pwosesis ankèt lan nan nivo ki konfòm ak ankèt epi aksyon korektif ki apwopriye.

### **Deklarasyon pou Pa Fè Vanjans**

Cleveland Clinic entèdi vanjans kont nenpòt anplwaye pou rapòte, temwanyen, asiste oswa

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/04/1993	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	3 sou 4
---	---------------------------------------	--	--	---------

**Politik ak Pwosedì Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la**

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
NON-DISKRIMINASYON ASELMAN OSWA VANJANS	TOUT	HREW	5


patisipe nan nenpòt ki ankèt, pwosedì, oswa odyans Cleveland Clinic oswa yon tribinal federal, eta oswa lokal oswa ajans aplikasyon lalwa fè oswa pote oswa depoze yon plent pou diskriminasyon oswa asèlman oswa angajman nan nenpòt aktivite lalwa pwoteje. Anplwaye yo ta dwe rapòte nenpòt ensidan vanjans tousuit. Y ap mennen ankèt objektif ak serye sou konduit vanjans nan konfòmite ak pwosedì ki souliye anwo an. Si gen prèv jistifikasyon yon rapò oswa vanjans, y ap pran aksyon korektif ki apwopriye, jouk nan epi sa ki gen ladann revokasyon.

**BIWO K AP PIBLIYE A**

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

**REFERANS POLITIK LAN**

Aksyon Korektif  
Opòtinite Egal Anplwa/Mendèv Divèsite ak Enklizyon

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/04/1993	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	4 sou 4
---	---------------------------------------	--	--	---------